абзац – а 3-пункта, Статья 267. «Угон транспортного средства», абзац–б 3-пункта, Статья 270. «Культивирование запрещенных к возделыванию культур», абзац – б 3-пункта, Статья 271. «Незаконное завладение наркотическими средствами или психотропными веществами», абзац – б 3-пункта, Статья 273. «Незаконное изготовление, приобретение, хранение и другие действия с наркотическими средствами или психотропными веществами с целью сбыта, а равно их сбыт», абзац – б 4-пункта, Статья 278. «Организация и проведение азартных и других основанных на риске игр», абзац – б 2-пункта, Статья 278-2. «Незаконный (несанкционированный) доступ к компьютерной информации», абзац – г 2-пункта, абзац-г 2-пункта, Статья 278-3. «Изготовление с целью сбыта либо сбыт и распространение специальных средств для получения незаконного (несанкционированного) доступа к компьютерной системе», абзац – г 2-пункта, абзац-г 2-пункта, Статья 278-6. «Создание, использование или распространение вредоносных программ», абзац-г 2-пункта указывают на «группу лиц или члена организованной группы или в интересах данной группы», «членом организованной группы или в интересах данной группы», в них предусматриваются такие виды наказания, как лишение свободы от трёх до двадцати пяти лет или пожизненное заключение, от двух до пяти лет ограничения свободы, штраф от пятидесяти до трёхсот крат минимальной заработной платы или от одного до трех лет трудовых исправительных работ.

В период реализации социально-экономических реформ в стране борьба против организованной преступности, которая представляет угрозу государству и всему обществу, оказывает отрицательное влияние на исполнение политики обеспечения благосостояния народа является одной из безотлагательных задач перед правоохранительными органами.

**Литература**

1. Каримов И.А. Мы будущее построим своими руками. Т.7. -Ташкент: 1999.
2. Конституция Республики Узбекистан. -Т.: “Узбекистан”, 2014.
3. Уголовный кодекс Республики Узбекистан. -Т.: “Адолат”, 2014.
4. Комментарии к Уголовному кодексу Республики Узбекистан.
5. Рустамбаев М. Уголовное право (Общая часть). -Т.: 2006.
6. Быков В.М. Криминалистическая характеристика преступных групп. -Т.: 1986.

**РЕЗЮМЕ**

Уюшган жиноятчиликка қарши кураш бугунги куннинг муҳим ва долзарб масалаларидан бирига айланиб бормоқда. Уюшган жиноятчиликка қарши кураш натижалилигига ижтимоий хавфли ёки энди пайдо бўлган гуруҳларда кенг кўламли огоҳлантирувчи таъсир чораларини кучайтириш йўли билан эришиш мумкин. Бу эса, уюшган жиноятчиликка қарши курашни барқарорлаштириш бўйича ҳуқуқий, уюшқоқлик ва тактик характердаги чора-тадбирлар тизимини белгилаб беради.

**РЕЗЮМЕ**

Сегодня борьба против организованной преступности становится одной из актуальных и проблемных вопросов. Эффективности борьбы против организованной преступности можно достичь путём усиления широкомасштабных предупредительных мер воздействия на социально опасные или только созданные группы. Это, в свою очередь, обозначает совокупность мер по систематизации борьбы против организованной преступности правового, организационного и тактического характера.

**SUMMARY**

Today the fight against organized crime is becoming one of the most urgent and problematic issues. The effectiveness of the fight against organized crime can be achieved by strengthening large-scale preventive measures of influence on socially dangerous or only established groups. This in its turn means a set of measures to systematize crime of a legal, organized and tactical nature.

## Ekonomika

# МӘМЛЕКЕТИМИЗДЕ МАКРО ЭКОНОМИКАЛЫҚ ТУРАҚЛЫЛЫҚ ҲӘМ ИННОВАЦИЯЛЫҚ ӨСИЎ ТЕНДЕНЦИЯЛАРЫ

**П.З.Хожалепесов –** *экономика илимлериниң кандидаты, доцент*
*Әжинияз атындағы Нөкис мәмлекетлик педагогикалық институты*
**Б.П.Зинатдинов –** *1-курс талабасы*
*Ташкент информациялық технологиялар университети Нөкис филиалы*

**Таянч сўзлар:** инновацион, инвестицион, макроиқтисодиёт, ҳаракатлар стратегияси, қишлоқ хўжалиги, техника технологик, лойиҳа, ислоҳот, тенденция.

**Ключевые слова:** инновация, инвестиция, макроэкономика, стратегия действий, сельское хозяйство, техника технологий, проект, реформа, тенденция.

**Key words:** innovation, investment, macroeconomics, strategy actions, agriculture, technology of appliances, project, reform, trend.

Өзбекстан Республикасы Президенти Ш.М.Мирзиёев өз баянатында: «Биз мәмлекет ҳәм жәмийет турмыс тәризиниң барлық тараўларын түптен жаңалаўға қаратылған инновациялық раўажланыў жолынан өтип атырмыз. Бул бийкар емес, себеби заман тез пәт пенен раўажланып атырған ҳәзирги дәўирде ким жеңеди, жаңа пикир, жаңа идея, инновацияға таянған мәмлекет жеңеди.» деп атап өткен еди.

Инновация атамасы - латынша «новация» сөзинен алынған болып «жаңаланыў яки өзгериў», «ин» қосымшасы болып латыншадан «бағдарда» деп аўдармаланады, егер буны тек ғана инновация қурылысында аўдармаласақ, «өзгерислер бағдарында» деп айтылады.

Инновижэн - түсиниги биринши болып XIX әсирдиң илимий изертлениўлеринде пайда болған.

Инновация - ҳәзирги заман көз қарасынан келип шығып қарағанымызда да, ҳәр қандай тараўды өзгертиўге оны улыўма жаңа орынға көтере алатуғын творчестволық жаратыў, креатив активлик есапланады.

Президентимиз әне усы түсиникти жүдә әпиўайы ҳәм түсиникли етип, бунда «инновация бул келешек дегени, биз уллы келешегимизди жаратыўды бүгинги күннен баслаўымыз керек.» - деп атап өткен еди.

Президентимиз түсиниги менен айтқанда, илим-пән ҳәм техникалық жетискенликлерди кең қолланған жағдайда экономика тараўларына, социаллық ҳәм басқа тараўларға заманагөй инновациялық технологияларын енгизиў Өзбекстан Республикасын жедел раўажланыўының зәрүрли шәрти болып есапланады.

Инновация 2017-жылдан баслап Өзбекстан Республикасының барлық тараўларына кирип келмекте. Бүгинги күнде мәмлекетимиздиң көплеген тараўларында усындай жол тутылмақта. Буны «UzEx» орайында өткерилген, шет ел илимий- инновациялық орайлар, инновациялық фондлар, технологиялық агентликлер ҳәм технопарклер, қалаберсе бизнес инкубаторлар қатнасыўында шөлкемлестирилген «InWeek» инновациялық идеялар ҳәптелиги де тастыйықлай алады.

«InWeek - 2018» кешесинде жәми 4257 қатнасыўшы қатнасқан болса, олар «InWeek» ярмаркасында, инно-

вациялық товарлар, усынылып атырған хызметлер, коммерциясқан илимий ҳәм илимий технологиялық исленген жаңалықлар төмендеги атамадағы секторларға бөлинген жағдайда жайластырылды.

• Аўыл хожалығындағы инновациялар- 14

• Мәмлекет басқарыўындағы инновациялар – 11

• Социаллық тараўдағы инновациялар - 14

• Экономиканың реаль секторындағы инновациялар - 11

• Коммерцияланған илимий ҳәм илимий техникалық исленген жаңалықлар - 43

Үш күн даўамында инновациялық раўажланыў министрлиги ҳәм бир қатар шет ел шөлкемлери, компаниялар ортасында шериклик бойынша питимлерге қол қойылды. Олар арасында әҳмийетлилеринен бири АҚШ “UTA City Expo Web” компаниясы менен қол қойылған шериклик есапланады. Соған муўапық, жоқары билимлендириў тараўын улыўма жаңа системаға, дистанциялық тәлимге қәнигелеситирилген келешек университетин шөлкемлестириў режелестирилген. Шет еллик шериклеримиз усы жойбарға 40 млн. АҚШ доллары муғдарында инвестиция киргизеди. Жойбар кесиминде жоқары билим процесинде тәжирийбели педагогикалық ҳәм мәлимлеме технологияларын, илим пәнниң ең соңғы жетискенликлерин енгизиў нәзерде тутылған.

Экономикалық жетискенликлердиң ең тийкарғы бағдары инновациялық процессти жоқары дәрежеде шөлкемлестириў ҳәм системалы тәризде раўажландырыўдан ибарат. Тәжирийбели қәнигелер ҳәм алдыңғы кадрлардан бүгинги күндеги экономикамыздың раўажланыўын халық аралық дәрежеге көтериўди әмелге асыра алатуғынлығынан, ҳәр қандай жағдайда да олардың күши ҳәм өз имканиятларынан ақылға муўапық пайдалана алыўына мәмлекетимиздиң исеними жүдә үлкен.

Ашып берилген есиклер, яғный бул үмит мәмлекетимиздеги барлық тараўларға кең тәризде енгизилип атырған тек ғана технологиялық жетискенликлер емес, ал бәлким социаллық өмирди жақсылаўға мөлшерленген жаңа жойбарлар тийкарында әмелге асырылады.

Республикамызда экономика уйымларының жумыс нәтийжелилигин түп-тийкарынан арттырыў, оларды елимизди социаллық-экономикалық раўажландырыў «локомативине» айландырыў, экономиканы басқарыўдың базар механизмлерин енгизиў мақсетинде, сондай-ақ, 2017-2021-жылларда Өзбекстан Республикасын раўажландырыўдың бес тийкарғы бағдары бойынша «Ҳәрекетлер стратегиясы»на тийкарланып белгиленген ўазыйпаларға муўапық макроэкономикалық индикаторларды таллаў ҳәм прогнозлаў тийкарында экономиканы басқарыўдың базар механизмлерин кеңнен енгизиў ҳәм экономиканың реаль секторларының жағдайы, сыртқы базарлардың конъюктурасы және глобаллық ҳәм регионаллық раўажланыў тенденциялары менен байланыслы ҳалда экономиканың тийкарғы тараўларын раўажландырыў стратегиясы қәлиплестирилмекте [1].

Инновациялық исленбелер менен технологияларды енгизиў, мийнет өнимдарлығын арттырыў, қайта ислеў тармақларын жедел раўажландырыў ҳәм жоқары қосымша қунға ийе таяр бәсекиге шыдамлы өнимлер ислеп шығарыўды кеңейтиў тийкарында товар базарларының теңсалмақлылығын тәмийинлеў бойынша системалы илажлар да әмелге асырылмақта.

Соның менен бир қатарда, турақлы экономикалық өсимди тәмийинлеў мақсетинде миллий экономиканың бәсекиге шыдамлылығын арттырыў, санаат потенциалын беккемлеў ҳәм аймақларды комплексли раўажландырыў мақсетинде инвестицияларды тартыў тараўлары менен тармақларын анықлаў арқалы елимизде жедел инвестициялық сиясаты ислеп шығылып әмелге асырылмақта.

Бүгинги күнде республикамызда инновациялық ҳәм илимий-техникалық раўажландырыў тараўында бирден-бир мәмлекетлик сиясатын әмелге асыратуғын уйым шөлкемлестирилгенлиги, оның жанында Инновациялық раўажланыў ҳәм новаторлық идеяларды қоллап-қуўатлаў қорының дүзилгенлиги усы бағдардағы әҳмийетли басқышлардан бири болып есапланады.

Соның менен бирге, илимий-изертлеўлер менен өндирис тармақлары арасындағы өз ара бирге ислесиўдиң нәтийжели механизмлерин жолға қойыўға, байланысларды беккемлеўге тосқынлық етип атырған бир қатар машқалалар сақланып қалмақта, оларға бәринен бурын:

- жоқары билимлендириў мәкемелериниң илимий жумысларын ҳәм илимий-изертлеў шөлкемлери ойлап табыўларының нәтийжелерин коммерцияластырыў көрсеткишлериниң төменлиги және қанаатландырарсызлығы;

- инновациялық процесслерди хошаметлеў, аймақлар ҳәм тармақлар дәрежесинде инновациялық раўажланыў ҳәм инновациялық белсендилик комплексли бағдарламаларын әмелге асырыў, инновациялық жедел исбилерменлик субъектлерин қоллап-қуўатлаў механизмлериниң жоқлығы;

- жеке меншик сектор ўәкиллериниң инновациялық жумысқа, соның ишинде, олардың мәпдарлығының төменлиги себепли жетерли дәрежеде тартылмаўы;

- илимий-техникалық бағдарламалар шеңберинде грантларды бөлистириў ҳәм олардан ақылға муўапық пайдаланыў нәтийжелилигин арттырыў бойынша тәсиршең илажлардың жоқлығы;

- илимий-изерлеўлерди ҳәм инновациялық жаңалықлар енгизиў тараўында ҳалық аралық бирге ислесиў ҳәм инвестициялар тартыў дәрежесиниң қанаатландырарсыз екенлиги сыяқлы факторлар себеп болмақта деп қараўымызға болады [2].

**Әдебиятлар**

1. Мирзиёев Ш.М. Экономика тармақларына ҳәм тараўларына инновацияларды енгизиў механизмлерин жетилистириў бойынша косымша илажлар ҳаққында. / «Еркин Қарақалпақстан», 2018-жыл 10-май.

2. Мирзиёев Ш.М. Экономикалық раўажланыў тараўында мәмлекетлик сиясатты әмелге асырыў системасын түп-тийкарынан жетилистириў илажлары ҳаққында. / «Еркин Қарақалпақстан», 2019-жыл 17-январь.

**РЕЗЮМЕ**

Ушбу мақолада Ўзбекистон Республикасини ижтимоий-иқтисодий ривожлантиришнинг асосий йўналишлари кўрсатилган.

**РЕЗЮМЕ**

В статье рассматриваются основные направления социально-экономического развития Республики Узбекистана

**SUMMARY**

The article is devoted to the issues of the main directions of the socio-economic development of the Republic of Uzbekistan.